

Si ou

Wè Di
yon bagay yon bagay®



Homeland Security
and Emergency Services

Counter
Terrorism

Andrew M. Cuomo
Gouvènè

Bagay ki Endike Posiblité Aktivite Teworis nan Etablisman Relijye, Sant Kominotè ak Kan an Gwoup

Moun Sispèk:

- Moun k ap poze kesyon etranj sou kongregasyon an epi moun yo pa sanble gen menm gwoup lafwa oswa relijyon
- Aksyon ki sijere ke yon moun, ki prezan pou yon sèvis relijye, pa abitye ak seremoni oswa koutim sèvis la (sètadi, li mete ajenou olye pou li rete kanpe pandan yon pòsyon byen presi nan sèvis lapriyè a oswa li pa reponn ansanm ak kongregasyon an)
- Kesyon anplwaye etablisman relijye andeyò lokal la sou pratik ki gen rapò ak fonksyòman etablisman an
- Moun yo jwenn k ap trennen nan zòn kote gen aksè nan sistèm HVAC oswa lòt sistèm fizik fonksyònman (sètadi, antre admisyon lè, bwat switch brekè elektrik)
- Moun ki sispèk ki mete rad ankonbran ki kapab kache eksplozif oswa zam
- Moun yo dekouvri avèk kat jewografik, foto, oswa dyagram enstalasyon an ki gen zòn kritik yo nan etablisman relijye a
- Poze kesyon dwòl oswa fè kòmantè dwòl sou kalite sekirite ki anplas nan etablisman ou

Aktivite Sispèk:

- Prè v ki sijere yo ka te jwe nan sistèm HVAC bilding nan (sètadi, chofaj, vantilasyon, chanm oswa pano aksè èkondisyone)
- Pake yon veyikil sispèk toupre bilding lan dirèkteman alòske nòmalmman veyikil konsa pa pake nan anplasman sa
- Dekouvèt yon koli oswa objè sispèk san siveyans

Fè Rapò Nenpòt Aktivite Sispèk nan

Liy Dirèk Eta New York pou
Jwenn Konsèy sou Teworis

1-866-SAFE-NYS oswa
(1-866-723-3697)

Tout apèl yo gratis,
epi y ap rete konfidansyèl nèt.



TELECHAJE APLIKASYON 'SEE SEND'

